


[7 parlers wolof au Sénégal]

République du Sénégal
Ministère de l'Economie, des Finances et du Plan
**Cellule de Suivi du Programme de Lutte
Contre la Pauvreté**

Bonne gouvernance et Nouvelle Technologie de l'Information et de la Communication

Rafatal yorri nu nguur geek xarala yu bees neel yegleek jokkoo ci Senegaal



Li mu èmb

DUGGIN WI 2

I- Rafetal yorinu nguur ak Xreñi Yëgleek Jokkoo
yu Bees yi (XYJB) ci Senegaal Erreur ! Signet non
défini.

I.1	Internet bi	4
I-2-	Polotogu (XYJB)	5
I-3 -	Porogarm yeek porose yi	6
I.3.1.....	Jigeen ñi ak (XYJB)	
	6	
I.3.2.....	Joxe liggeey, xeex ñàkk, ak beddi	
	6	
I.3.3.....	Wér-gi-yaram	
	7	
I.3.4	Sàrwis yi.....	8
I.3.5.....	NEPPÀD	
	8	
I.4	Kéewug yoon	8
I.5	Kéew gi réew yi séq	10

II. Xeex ger 10

Gis bu matale	Erreur ! Signet non défini.	
II.1.1	Diggante réew ak réew :	10
II.1.2	Ci mbiri réew mi.....	11

III. Téralinu Etaa Siwil ci Senegaal 12

IV- Yëngu-yëngu yi wey-bokk yi dugal seen loxo 13

V- Yokk manoore yi 14

V.1	Ràñnee ak faramfànceb ndef li	14
V.2	Sàrwisu wey-jariñoo yi	15
VI-	Ràñnee ak faramfànceb ndef liJigeen ñi ak cuqali koom	17
VI.1	Anam beek lay wi	17
VI.2	Jigeeni kaw gi.	18

VII- Yar ci ponku-réew b - ak wareefu njuddu-
réew 19

VII.1	Xamanteek "Sarwis siwik nasyonaal" :	19
VII.2	Jëmu yi	19

TËNK BI Erreur ! Signet non défini.

Ubbite

- Cosaanu "Rafetal yorinu nguur"

Ci ñeent-fukki at yii nu weesu, ñenn ci ñi seen xam-xam màcc jém ci saytu koom, dañoo faramfànce "Yorin, (xeetu caytu)", ni mooy matuwaay yu ag kurél boole di doxal ngir yëgoo ci seen biir ba mën a wàñni bu baax njëg yi njënd ak njaay mi jur ci ja bi.

Léegi nag, li tax "Rafetal yorinu nguur" jóg, mooy tèral sàrt yu bees diggante njit yeek ñi dugal seen alal ci àntarpiriis yi, ñu di leen tudde ay "aksoneer". Waaw ndax bi ñu seetee ñetti mbir yii, di jokkoo gu fattug réewi àddina yi, ñu di ko wax monjaalisasyoë ak jaxasook alal yi, ñu di ko tudde "golobaalisasyoë finaasiyeer" ak wér bu gaaw bi xaalis bi di wér, "aksoneer" dañoo taxaw tem laaj yorinu àntarpiriis bu ñu tudde « goornamaab àntarpiriis »

Ci fanweeri at yii nu weesu, kureli àddina yi dañoo fëkk baatu àngale bi ngir faramfànce ak leeral sàrti li ñuy wax, "Rafetal yorinu nguur" jëmale ko nag ci réew yoo xam ni, daanaka dañu leen ciy gétën (mu wecciku bor yu ñu leen di lebal), ngir ñu dugal ay coppite yu am solo, yu mën a tax seen nasinu koom, mën a dox bu baax. Coppite yooyu nag, ñi ngi leen war a wéer ci "Rafetal yorinu nguur", di caytug moomeelu mbooloo gu bees gu ñu mën a méngaleek yorinu àntarpiriis. Coppite yooyu itam dañuy digle ñu wàñni bu baax doxalin wi ñu man a tudde "nguur mën lépp", digle it ñu tànn ñi ñu jagleel doxalin wi walla seen polotig, ak jaay yu bari ci sàrwisi nguur gi, manaam « piriwatiise» leen.

- Jëmuy "Rafetal yorinu nguur"

Rafetal yorinu nguur dafa laaj coppite gu xóot ciw doxalin, ci foo mën a nekk nag. Day laaj ñu bàyyi xel ci bariwaayu ñi ciy yëngu, bokkuñu xalaat te séq liggéey bi. Dafa laaj ñu bàyyi xel ci loolu te sóoraale bu baax róofaloog yëngu-yëngu yi ak seen maanaay tolloowul. Su ñu ko méngaleek mën-mën bu sukkandiku ci dooleek kiliftéef yu bari, kóolute ak

jàplante da koy gën. Day taamu settantal yi, dugal loxoy wey-bokk yi ak seen jokko; day ànd itam ak baatu porose, jàplante ak juboo.

- **Misaalu Senegaal** (mooy joxe misaal walla moom mooy misaal)

Ginnaaw ba mbir mi ñu wax fii leeree nàññ ci seeni xel, réewi Afrig yi dañoo sóoraale Rafetal yorinu nguur ci NEPÀDD bi, ngir mën a dalal xeli boroom alal yi ciy def seen xaalis, ni dinañu ko doxal ci anam yu leer, yu woor

Loolu tax na ba, ci biir xeex ñàkk gi ak doxal caytu gu leer nàññ ñeel alali réew mi, Senegaal jël na ay matuwaayi jàngal, jàpple, ak soññe, ngir ñépp góor-góorlu ci Rafetal yorinu nguur, muy ci wàllu koom, ci wàllu nekkin, ci wàllu àtte, walla ci wàllu sarwis. Moo tax mu tèral li mu tudde "Porogaraam nasyonaal", buy Rafetal yorinu nguur, di dókimaa wu dëggu wuy wone fi Senegaal tollu ci Rafetal yorinu nguur, di wone it moom wayndare wowu, yoon wi ko mën a génne ci jafe-jafe yi muy jànkonteeel.

Te nag, Rafetal yorinu nguur day jéego bu am solo ? ngir tèral Xétu Xereñu Wàññi Ñàkk gi.

I - **Rafetal yorinu nguur ak XBYJ ci Senegaal**

Xeeti xaralay Yëgleek Jokkoo yu Bees yi dañuy yombal ak di beggandal xam-xam, te xam-xam lu ñu war a sàkku la, di it lu ñu war a jël fu nu ko fekk, ngir dëgëral cuqali koom gu sax.

I.1-**Enternet bi**

Nguurug Senegaal teel naa xam am solo gu xibaar am solo, ak jariñoo xereñi xabaar yi ngir jémale kanam cuqali koom gi, gu nekkin wi, gug baax yi, rawatina ngir taxawal koom gu mën a joæante ja yi ci àddina si.

Ba ñu jógee ca ndajem Adis Abeba ma, te mu aju woon ci xibaar ak yëgle ngir suqali koomu réewi Afrig yi, ca 1994, nguurug Senegaal dafa daadi deflub gëstu ngir tèral pexey xibaar yu law te gaaw. La tukke ca

gëstu booba, ca la nguur gi sukkandiku, sant Sonaatel mu dugal Enternet ci réew mi.

Loola nag, weeru märs 1996 lay soog a sotti, benn bânqasu Sonaatel, jokkale nook Enternet, jiital ñetti weeri njéem, *mu jokkale Senegaal ak Etaasini*.

I-2- Polotigu XBYJ

Ginnaaw Enternet nekk na jumtukaay bu mënul a ñakk, ci wàllu wecsey xibaar, jokkoo, baax (caada), yar ak njàng, li ñuy wax « telesàntar », njënd ak njaay, ci li nu mën lim fii, xel warul a mën a nangu ñu indil ko benn xeetu gâllanko. Ginnaaw amul sàrt yuy rëdd anam yi ñu ko war a jariñoo ci réew mi, Nguur gi dina ko wutal wujj yu koy diir mbagg te xamle nu mu gën a gaawe, ku bëgg a bokk ci kujje googu loo war mëne. Ci wàllu telefon portaabal yi moom, ab ja la bu ubbikoom kéemaane ci Senegaal.

Ci Xétu Xereñu Wàññi Ñakk gi suqali xeeti Xaralay Yëgleek Jokkoo yu Bees yi bokk nañu ci yi mbooleem wey-yëngu yi gën a farataal ngir jëmale kanam sàrwis yi.

Ci kaw loolu, Nguur gi fas na yéene suqali li ñuy wax talasàntar (njënd ak njaay mu ñuy jaare ci Enternet), sukkandiku ci wootal boroom alal yi, su ko defee am telefon ak Enternet gën a yomb, te it mu jur bérëbi liggéeyukaay yu bees.

Moo tax, ci porogaraamu bi ñuy wax "Tëralinu Cuqali gu Gaaw"; boole nañu Xeeti Xaralay Yëgleek Jokkoo yu Bees yi ci juroomi cabb yi séq tëralin woowu. Ba noppi, nisaru fukkeelu palaëu cuqali koom ak nekkin teg fu kawee kawe li ñu tudde, gayati xarala yi.

Gaa ñi ciy yëngu ak ñi seen xam-xam macc jëm ci Xeeti Xaralayi Yëgleek Jokkoo yu Bees yi nee nañu », (...), su nu eggee ci atum 2005, Senegaal dina doon réew muy fitti, ak koom-koom bu wér bu mën a joæante ci ja yi, li jàppandi ci koomam egg kemtalaayam, yékkatiku, ci biir réew mi, ci réew yu nu digalool ci

àddina si, te mu sukkandiku ci Xeeti Xaralay Yëgleek Jokkoo yu Bees.

Yëngu-yëngu yu takku, ci biir ay porogaraam ak i porose dinañu firndeel duggug Senegaal ci jamano yi ñu tudde ngéri xibaar yi.

I-3 - Porogaraarm yéek porose yi

Jariñoo XBYJ ci Senegaal laal na bàndaasi koom ak nekkin yépp : nguur gi, wér gi, yar ak njàng mi, koom gi, mbey mi, napp mi, jigéen ñi, ndaw ñi, liggeey bi, baax yi, mbooloo tund yi, a.ñ.s.

I.3.1- *Jigéen ñi ak XBYJ*

Bi muy màggal bis bi Àddina si Jaglee Jigéenu Kaw, "ANAFA" dafa wone, ci porogaraam bu mu tudde Alfanet, ñaar fukki (20) jigéen yu ñu jàngal, ci ñeenti weer, nu ñuy jëfandikoo ordinaatëer. Jigéen ñooña, ñenn ñaa nga bàyyikoo diwaanu Ndakaaru, ñii bu Cees, ñii bu Kawlax, ñii bu Ndär, ñi ci des bu Luga.

Kurél gi ñu taxawal ngir Gëstu ak Njàngalem Dëkkaan yi, dafa jiital ci ay ittéem, joti gu jigéen ñi war a joti ci Xeeti Xaralay Yëgleek Jokkoo yi. Moo tax sax bàndaasu diwaanu kuréli Yar ak Njàng ci Biir Njaboot gi sos na porogaraamu jéem, di ay "sibeer" yu ñu ubbi, ci ndimmalul See.Er.Dee.Ii., Finiyab ak geneen kurél gu tudd "Këlëb dëe-ceer". Fii mu nekk sax, am na ay jigéen yu ñu may ay waxtu ci ayu bés gi, ñuy dugg ci Enternet bi te duñu fey dara.

Defoon nañu benn lël ngir nettali jigéeni Senegaal, la rote woon ca Ndajem Àddina ma amoon ca Sëneew, ñu doon ca waxtaane Jamanoy Xibaar ngir ñoom jigéen ñi, ñu gën a mën a topp la tukkee ca ndaje mooma.

I.3.2- *Joo ci liggeey, xeex ñàkk, ak beddi*

Ci weelu sulet 1996, la "sibeer kafe" bu ñépp mën a dugg jëkk a ubbi ci Ndakaaru. Booba ba leegi nag, ñi ubbi yoonu dugg Enternet wàññikuwuñu benn yoon, ba moo tax foo wëlbatiku gis ab sibeer ci Ndakaaru ak sax ci diwaan yi.

Porogaraam bi ñu tudde "Àkkasiyaa" te See.Er.Dee.Ii. joxe alal ji ñu taxawale, 1999 lañu ko sos, ngir jigeel ak yombalal dëkkaani gox yi mokkalug Xeeti Xaralay Yëgleek Jokkoo yi. Muy ndimmal Kanadaa ngir jàapple, li ñuy wax li Afrig sooke, jëmale ko ci xibaar ak jokkoo. Porogaraam boobu, ñeenti réewi Afrig yi ko jiite, Senegaal ci la bokk.

I.3.3- Wér-gi-yaram

Atum 2000 ba tey ñi ngi jëfandikoo Xeeti Xaralay Yëgleek Jokkoo yu Bees yi ci fànnu wér-gi-yaram, ci ni ñuy saytoo seeni xibaar, muy lu jokkale lépp luy kérug fajukaay, moo xam gu mag la walla gu ndaw, walla sax ci diwaan yi; lépp a ngi dajaloo fii ci Ndakaaru. Mbir moomu, ki koy saytu mooy kurél gi ñuy wax Njiiteefu Gëstu, Ceet ak Njàng, te mu wékku ci Njawriñu Wér-gi-yaram. Lii dafa tax lu mën a xew, ak fu mu mën a doon ci réew mi, te muy mbiru wér-gi-yaram, ñu daldi koy xam ci saa si. Jumtukaay la it buy tax ñu mën a sottal porogaraamu wér-gi-yaram bi.

Atum 2002, ci ay "jéem-seet » yu ñu defoon ca Tàmbaakundaa te jaarale woon ko ci jaww ji, Sonaat tel jokkoo woon na ak Njawriñu Wér-gi-yaram, def li ñu tudde « teletœ » ngir xeex sibbiru. Xeetu sàkku ndimmal la woon woo xam ni, jële woon nañu ca juróomi téemeer ak juróom-fukki milyoæ ciy seefaa.

Ci jumtukaayi tas xibaar yi, Rajook tele Senegaal, di Ertees, door na Tàmbaakundaa ab « nisar-seetlu » bu jëm ci Xeeti Xaralay Yëgleek Jokkoo yu Bees yi. Porose boobu, li ko tax a jóg mooy jox rajo Tàmbaa jumtukaayu xamtéef, maanaam « emformatig » bu koy tax a mën a rënk lépp lu aju ci aada ak baax, te mu nekk xeeti bändi mañetofon. Kurél gi tudd kurélu Diggante Réew yiy wax Farañse, di gu réew yiy wax farañse séq, moo joxe woon xaalis ba ñu ko taxawale. Looloo tax ñu saytu bu baax diwaan bépp, ak fukki làmmiñ (lakk) ak juróom-ñaar (17) ya ñu fay wax.

I.3.4- Sàrwis yi

Bànqaasu Sonaatel bi tudd « Sonaatel Bari njariñ, sos na ci ut 2003, aw kàrt wu mu tudde « Tike Sërf », di kàrt woo xam ni, danga koy jënd fii, mu soog laa mën a may nga jokkook ay nit wallay sàrwis yoo bëgg a jëflanteel, ci wàllu njënd ak njaay ci Enternet ; mu dijk Sonaatel lu tollu ci fukki milyoë ak juróom, ci sunu xaalis. Yónne bataaxal (mesaas) ku yor telefon portaabal jaarale ko ci Enternet, yónne ay nataal ak sa portaabal keneen ku yor portaabal bu nurook sa bos, walla xeetu riir, njëndum laají Natt Xel ngir ñi bëgg ku leen jël liggéey, yii yépp ay pexe lañu yu Sonaatel Miltimejaa sos, ñu mën leen jaay ci Enternet. Waaye nag, lii lépp, bala cee daraa mën a sotti, nga jënd kàrtu Tike Sërf.

I.3.5- NEPÀDD

Ci sulet 2002, kurél gu ay réew séq ci lu mu jàplanteek BEREDAA, ubbi na bi jëkk ci sàntar yi ñuy jëfandikoo Xeeti Xaralayi Yëgleek Jokkoo yu Bees yi. Porose boobu dafa war a yook xereñ, manoore, feemi wey-jariñoo yi, ci kaw ñu jàngal leen nu ñuy jëfandikoo Xeeti Xaralay Yëgleek Jokkoo yu Bees yi. Bokk na ci porose yu NEPÀDD war a finaase ngir xamle bu baax ci Afrig Xeeti Xaralay Yëgleek Jokkoo yu Bees yi

I.4- Kéewug yoon ak yoonal

Ngir eggale Senegaal ci jamanoy xibaar, jël nañu matuwaay yu bari yu ñu wéer ci ay sàrt:

- Ci dekkere lim 97-714 bu 19 suleet 1997 Nguur gi joxe na ndigal lol, SONAATEL doææ la ñu ko jagleel, ngir bàyyee ko wàllam ci alali kér googu. (Kayitu tas xibaaru Nguur gi lim 5756 bu 9 ut 1997) ;
- Ci dogalub Jawriñ, lim 1109 ñeel Njawrinal jokkoo bu 18 fewaryee 1999 maye nañu ñu ubbi ngérum jokkoo mu beddiku, ci "satelit" (xeetu ropplaan buy naaw ba ca kaw a kaw asamaan, taxaw benn bérëb). (Kayitu tas xibaaru Nguur gi

lim 5859 bu 8 me 1999) ;

- Ci dekkere lim 2001-476 bu 18 suweæ 2001 sos nañu Njiiteefu xamtéefu Nguur gi, wéer ko ci Luwaa 2001-15 bu 27 desàmbar 2001 bi tëral Sàrti Jokkoo;
- Dekkere lim 2002-1141 tëral na yaxanalub bànqaasu jokkoob ñu soreyoo;
- Dekkere lim 2003-63 bu 17 fewaryee 2003 tëral na Sàrti tëralin ak doxalinu kuréel giy jàppandil jokkoo;
- Dekkere lim 2003-64 bu 17 fewaryee 2003 tëral na sàrti ngéri jokkoo yi, rajo yi, ak tele yi war a sàmmoonte itam ak wey-xereñi yi ciy liggéey ;
- Luwaa lim 2004-10 bu 27 saæwiye 2004 joxe na ndigalul sos bérëb bu ñu dul def lu dul jokkoo, ñu di ko wax « Sibeerwilaas »;
- Dekkere lim 2004-837 bu 2 suleet 2004 tëral na limpo bi kiy jariñoo ngérum jokkoo war a fey ;
- Dekkere lim 2004-1038 bu 23 suleet 2004 tëral na sàrt yiy leeral doxinu Kurélu xamtéefu Nguur gi: Kurél googu, lañu jox ndigalul doxal poroseb ak ngérum jokkoog Nguur gi ci biir réew mépp, ak fépp fu nu am Àmbasàdd. Xeeti Xaralay Yëgleek Jokkoo yu Bees yi ubbi nañu bunt yu bari yu may Nguur gi muy dimbali nit ñi, yokk loxoom ba njariñ li gën a feeñ, ngir mën a egg ci Rafetal yorinu nguur, dooleel demokaraasi ak leeral liggéeyam. Kurélu Xamtéef googu, moo war a wéyal ak di jiite itam campug mbooleem lu jém ci xamtéefu sàrwisi nguur gi, war leen a saytu, war leen di toppatoo. ;

1 Dogalub Jawriñ, lim 007421 bu 08 settàmbar 2004 tëral na melokaanu Kurélu Xamtéef googu ak la ñu war fey ñu fay liggéey.

I.5-Kéew gi réew yi séq

Ndajem Àddina si, ndaje mu jëkk mi ame woon Seneew ci desàmbar 2003, wéyal nañu fa ñaari wayndare "dokimaa": **Déggo ci ay kàddu** ni, yell na ñu taxawal xeetu mbootaayu xibaar ci seen bir, gu dëggú te yamale ñépp, ak **Nisaru jëf** su ñu ko doxalee, ci réew mu nekk, diwaan bu nekk, ak ci àddina sépp, mën naa tax réew mu nekk dugg ci mbootaayu xibaar gi.

Pàccu weret bi jëkk ci **Nisaru jëf** bi day wax ni, « bokk déggin wi ak xalaat yu am solo yi ci xétu Déggo bi ciy kàddu, leeral nañu leen ni Nisaru jëf bii, ci ay matuwaay yu leer ngir mën a egg, ndànk-ndànk, ci jémuy cuqali koom yi ñu juboo ci diggante réew yi, rawatina ci li ñu tudde *Biralubb Junni-bi-at ba*, "Déggo ga ca Mongomeri", ak ca Biral ak Nisaru doxalin wa ca Jowaanesbuur ñu gën caa taamu nag jëfandikoog njureef yi, ngér yi, sàrwis yuy sukkandiku ci Xeeti Xaralay Yëgleek Jokkoo yu Bees yi ak dimbali réew yu néew doole yi ñu dabe li ñu leen rawe ci mbiri xamtéef. Jamanoy xibaar ji ñu xalaat "Déggo ga ciy kàddu", fas nañu ca yéenee egg, ci kaw jàppalante bu dëgér, goornamaa yépp jàpp ci ak ñenen ñi ci bokk ñépp».

Waajal gi àddina si di waajal ndajem jamanoy xibaar, wone na taxawaay bu rafet bi Senegaal taxawe, te mu feeñ bu baax ci jeexitali liggeey ya, lëli diwaan ya ak waxtaani mbooloo (*gurub*) ya.

II. Xeex ger

Gis-gis bu matale

II.1.1 Diggante réew ak réew:

Diggante réew ak réew, misaali ger yi wuute nañu lool. Ba tax na déggoo gu yaatoo ngi gën a am, ngir jàppe mbir moomu ni aajo ju ñu war a jiital.

Naka noonu, ci diggante réew yi, am solog matuwaayi xeex ger yi ñu tëral, dinañu taxaw taxawaay bu am solo ci rattaxal yëngu-yënguy polotig yi, ak sax léeg-léeg ci dogal yi Nguur yi war a jël.

Ci matuwaay yooyu, ràññee nañu ci :

- 1 Nisaru xeex ger ca Aasi ak ca Pasifig bu Bànku Cuqali koomu Aasi ak Mbootaayu Jàplante ak Suqali Koom, te ñu juboo ca ca Tokkiyoo, ca weelu nowàmbar 2001 ;
- 2 Dëelanteb Mbootaayu Xeet ya ngir xeex ñàkk, te ñu tëral ko ci dogal lim 58/4, ca Ndaje Mu Mag ma amoon 31 fan ci weelu Oktoobar 2003 ;
- 3 Dëelanteb Afrig jëm ci Pàgguteef ak Xeex Ger, te ñu tëral ko ci 12 fan ci weelu sulet atum 2003 ca Maputo (Mosàmbig) ;
- 4 Ay sos-jëf yu Bànkt Monjaal jël ngir xeex ger ci ay waxtaani telewisyoë diggante dëkk ak dëkk, réew ak réew yu mën tax ñi séq mbir mi mën, kenn ku nekk ci sam réew, di waxtaan ak say nàttangoo yu ne ci meneen réew, ngeen di gisante ci tele, di wax, ñu lay tontu, ku ne di jèle xam-xam ci sa moroom.
- 5 Jëf yu Kuréli réew séq ngir jëmale rafetal ak doxal seen polotigi Xeex Ger.

Rafet
Rafet

II.1.2- Ci mbiri réew mi

Senegaal nag, ci wàllam, ginnaaw dafa sóoraale li mu digeek nit ñi ci wàllu polotig, demokaraasi, ak li mu tånn båyyi nit ñi ku ne yëngu ci li la neex ci wàllu njënd ak njaay, ñu di ko wax "liberaalism", day xeex fii nu tollu, ni Etaa Siwil caytug nekkin mi di doxe ci réew mi, maanaam wutum kayit ci meeri yi.

Wépp doxalinu Rafetal yorinu nguur, jëm ci polotig, ci koom, ci nekkin, fàww day sukkandiku ci Etaa Siwil bu wóor, bu ñu mën a wóolu. Etaa Siwil dafa am solo bu baax- a-baax ci doxinu réew, ci bépp fànn nag

Waaw, ndax xibaar yi ñu rënk ci kèggü yi ci meeri yeek bérëb yu ni mel, dañu ay sàqi xam- xam yoo xam ni, ci la nguur gi war a sukkandiku: ngir xayma lépp lu jëm èllëg ci doxinu réew mi, maanaam

"waññeef", di def lu bari ci liggéeyu poliis, bu coldaar gi (arme), ñi war wote, ak ñi mas a dugg kaso.

Wey-jëfandikoo yi itam, ci seen wàllu bopp, dinañu ci jariñu bu baax, rawatina seen digganteek yoon, ngir mën a indi ay firnde ci fu ñu juddoo, fu ñu dëkk, ñu leen jur, ñu ñu bokkal... Ngir yombal xamug sunu Etaa Siwil, war nañoo leeral mooy lan, fàttali ay jaar-jaaram, muy benn ; ñaareel ba, gëstu aw tëralinam, aw doxinam, ak nit ñi koy doxal.

III. Tëralinu Etaa Siwil ci Senegaal

Bépp doxub Rafetal yorinu nguur, jëm ci polotig, koom ak nekkin, fàww day sukkandiku ci sàrti Etaa Siwil bu am solo. Te nag, Etaa siwil farata la ci doxinu nguur, ci bépp fànn.

Leeralug yenn baat yi ak solos Etaa Siwil/caytum nekkin mi

Mënees naa gise Etaa Siwil ni mbooleem sàrt yu jëm ci àtte ak ci nguur, ngir bind denc bépp xew-xew bu dab nit ki, deme nu juddu, sëy, ngénte ak dee.

Su ñu seetee ci leeralu baat bi, dañuy mën am ci Etaa Siwil ci ñaari gis-gis : bii jëm ci nit, bii jëm ci réew mi.

- Ci li jëm ci nit ki, mën na koo may mu génney firnde ju wér ci yi gën a am solo ci ag dundam. Kon, kayit wu jóge ca Etaa Siwil ba, da koy may ay sañ-sañ, yoy, mënees na cee lim :

- ◆ sañ-sañu bokk ci réew, maanaam am nasyonaalite ;
- ◆ sañ-sañu jäng ;
- ◆ sañ-sañu wote ;
- ◆ sañ-sañu liggéey, kon bu alaateretee mu am yenn ndàmpaay yi wékku ca pey ga
- ◆ sañ-sañu donn, a.ñ.s.

- Ci li jëm ci réew mi nag, solos Etaa Siwil jaratul ñu di ko tudd. Ndax xibaar yi ñu rënk ci kàggu yi, mënees na leen a jariñoo ci waññeef yi, maanaam xayma èllég "estatstig" ak yokkuteg limu doom-aadama yi. Te it sàq la mom, mënees na cee tibb ngir tëral ay nas ak i pexe, jëm ci suqali wér-gi-yaram gi, nekkin wi ak koom mi, a.ñ.s.

Ginnaaw bérëbu defal-ñépp la, Etaa Siwil dafa war a am sàrt yu mu teg tëralinam, doxalinam ak caytoom ; sàrt yooyu ñoo war a ténkaale warugaru Nguur gi ak kolektiwite lokaal yi.

IV- Yëngu-yëngu yi dëkkaan yi dugal seen loxo

Nguur guy doxal demokaraasi, su bëggee suqaliku, day sàmmoontEEK Rafetal yorinu nguur. Moo tax, fanweeri at a ngii, Senegaal matale na coppite yi aju yépp ci doxinu nguur gi te boolewul dëkkan yi ca yëngu-yëngu ya, ba tax na yëguñu njariñ la. Ma nga sooxe ca joqalante ba, diggante ña yor nguur ga ak falaafoni gox ya, doonte ñoom ñoo war a wottu luy njariñ ñeel nit ñi, doonte sax am nas coppite, mënuñu woon a egg fa ñuy jële matuwaayi koom ya.

Moona de, nguur gi doon na doxal, ca 1996, porose bu am maanaa ngir dugal ay coppite ci doxalinu nguur gi ci diwaan yi Desàntaraalisasyoæ, ci Luwaa lim 96-06 bu 27 märs 1996, te mu doon tëral kotu kolektiwite lokaal yi, ak 96-07 bu 22 märs 1996, doon tëral wàcceb ndomboy tànk yi ba kolektiwite lokaal yi, te sas wi gën a rëy wu ñu leen sasoon di jekkal, yamale, maasale suqali koom mi ci biir kolektiwite lokaal yi.

Mooy yoon wi jëkk ci xew-démbi Senegaal, muy ci polotig walla ci nguur, Aji-tëral-yoon ji def diwaan bi ab kilektiwite lokaal, ak bérëb bu màgg bug cuqali koom ak nekkin, te yóbbale ci dëkkaan yi nekk ci déndu diwaan bi.

Wàcceb ndomboy tànk yi ba ci goxaan yi, nga xam ni ci ponk yi èpp solo ci Rafetal yorinu nguur la bokk, tànnug polotig la bu rëy bu nguur gi def ngir yóbbu demokaraasi ba ca dëkk ya gën a sori ngir fu

waay mën a nekk xelam ubbiku ci mbiri demokaraasi. Moo tax Senegaal dugal demokaraasi ci rëddu dénd wi, ngir gën a mën sóoraale yeewug dëkkaan yi ndax nu mën a bokk suqalikug biir.

Nañu jàpp ni kon, ci lu amul benn sikki-sàkka, te dëgér ci ni, du wenn xeetu fippu, genn coppite, benn porogaraam walla porose, ci gàttal benn suqaliku bu wéeru ci "rafetal yorinu nguur" bu mën a wéy di am ndam lu yàgg ci xeex ñàkk, te dëkkaan yi doguwuñu ci, jàpp ci bu baax a baax. Te saa su ñu ca génnee seen loxo, mu daldi diis, yoqi, daanu ci suuf.

Ci gàttal daal, jàpp googu ci dëkkaan yi di ci jàpp, te mu mel ni lu ménul a ñàkk ci "rafetal yorinu nguur" ak xeex ñàkk, dañuy jur ay laaj, yu deme nii :

Bi ci jëkk mooy, jàpp googu ci dëkkaan yi di jàpp, ku ciy jariñu, ak lu muy jur ci "rafetal yorinu nguur? Bi ci topp mooy, lu tax, ak nan la jàpp googu mën a jëmale kanam walla yombale cuqali koom ak xeex ñàkk ?

V- Yokkug manoore yi

V.1 Ràññee ak faramfànceb ndef li

Ca Digeb Yorinu nguur wu wéeru ci Demokaraasi, Polotig, Koom ak Àntarpiriis yi, te ñu waxe woon ko ca Lëlu Njiiti Réew ak nguur, ca fanweer ak juroom-ñetteelu (38eel) Dajeb baaxoo bu « Oiyaa », bu 8 fan ci weelu sulet 2002, ca Dérban Afrig Bëj-Saalum, dañu caa wax ni :«Afrig a ngi jànkontEEK jafe-jafe yu rëy, te yi ci gën a jamp di dàq ñàkk ak yokk cuqali koom ak nekkin, mu war a jaare ci demokaraasi ak rafetal yorinu nguur ».

Yokkug manoore yi mooy jàapple ak jokkle bépp door-jëfu cuqali gu sax, rawatina su ñu jëmee ci nit ñi, ci xereñ, tëralin, alal, xam-xam, baax (caada), ak kéri sàrwis. Day wut a dolli nguur geek mboolooy gox yi mën-mëni saytu kéew gi ak alali kéew gi ak xaalis, ci anam yu leer.

Senegaal def na yokkug manoore yi ak joti ci

ndimbali mbooloo yi gën a yell, muy ñaareelu kenu
pexe mi mu lal, ngir yokk limub am-amam ci nit,
nekkin ak cosaan, wéeruwaayu cuqali gu sax, faj
soxlay nit ñi, dimbali dëkkaan yi ñu bokk ci caytug
seen mbiri mboolooy gox, jaare ko ci polotig bu wér
bub suqali koomu gox ak wàcce ndomboy tànk yi.

Yokkug manoorey dëkkaan yi gën a néew doole, war
na leen a may ñuy sos alal ci Senegaal, yamale wërsëg
yi ak aar mboloo yi woyof mbagg.

Yokkug manoore yi dina sóoraale :

Njàngalem ñi ciy yëngu, ndimalul sàrwis yi, jox
xaalis bu ñu liggeye bàngaas yi mu ñeel

Ngir wàññi genn-wàllu ñakk gi fileek atum 2015,
Nguuru Senegaal lii la fas yéene:

- 1 dolli gayat yu gën a suufe
- 2 Yokk manoore xeeti xaralay xibaar ak jokkoo ;
- 3 Yokk manoorey kuréli nguur gi ak buur-moomtil yiy
jàppale àntarpiriis yu ndaw yi
- 4 Yokk manoorey ndaw yiy yëngu ci fànni xereñ ak
jiite mbooloo;
- 5 Yokk manoore bàngaas bi nguur gi yilif ;
- 6 Yokk manoorey kurél bokktile;
- 7 Yokk manoorey bàngaasu buur-moomtil bi.

V.2- Sàrwisu wey-jariñoo yi

- a) Jàngal ñi bokk ci kureli bokktile yi mbir yi aju ci
xeeti nafa yi (ni ñu koy tèrale, ni ñu koy wotee,
nu ñu koy doxale, nu ñu koy natte, a.ñ.s.)
- b) Yokk manoorey masistaraa yi ci wàllu seetantal alal
ak saytu
- c) Yokk manoorey surnaalist yi ak ñiy yëngu ci mbiri
jokkoo, ci wàllu xaralay gëstu ak bind ci koom.

- d) Yakk manoorey sendikaay jàngalekat yi ci wàllu xeex ger ca ekool ba ak ca jamanoy natt ak joæante.
- e) Yakk manoorey kureli wey-jëfandikoo yi ci wàllu yorinu koom-koom
- f) Yakk manoorey jokkoo ak làyyi kureli boktil yi (rawati na yi ciy aar sañ-sañi doom-aadama ak yu wey-jëfandikoo yi).
- g) Jëmale kanam ak dëgëral kurélu diisoo diggante Dippite yi, Falaafoni gox yi ak kureli boktil yi.
- h) Jàngal ak yokk manoorey ñi bokk ci Kureli Yorngànnaay yi ak Poliis, ci wàllu sañ-sañi doom-aadama.

i) Yakk manoorey Kureli sañ-sañi doom-aadama yi, ci wallu xeeti wote yi ak nemmiku wote yi.

VI- Témboob góor ak jigéen ci wallu yokkute

VI.1- Anam beek lay wi

Ci li réew yi séq

Ca ndoortel ati juróom-ñaar-fukk ya gëstukat yi dañoo tåmbali di nemmiku séddaleb liggeey bi, te sukkandiku ci jigeen ñi ak lu tukkee ci pexey cuqali koom ak tolloole jigéen ñeek jamano.

Kon nag tey, ginnaaw tëral nañu ay pexe ak polotig yu njaxlaf yuy Rafetal yorinu nguur ak sàmmoontEEK yamale Góor ak Jigéen ci wallu sañ-sañ ak wareefi Askan wi ak demokaraasi, jaadu na lool ñu xoolaat baatu "**témboo**", ngir def ko kenu lu dëgér këññ ci cuqali koom ak nekkin wu yiw wi nu sóobu.

Ba mu ko defee, baatu "jigéen jiy suqaliku", ca la ñu ko dugal, ngir muy xeex ñàkk, di yamale góor ak jigéen ak dakkal bépp xeetu boddi bu ñu ko doon def.

Ci mbirum réew mi :

Jëmale jigéen kanam moo mas a nekk xalaati nguur gi, doore ko ci pexey féexal dundu njaboot gi te wéer ko ci dolli leen manoore, ñoom jigéen ñi, fànn yi nga xam ni mooy seen wàll ci nekkin wi, jaare ko ci wutal leen lu ñuy yëngu te mu di leen jural alal, ba sosal leen fukki ati Jigéen ca 1982, mu yamook tëralub "*Nisar bu jëkk ci Jëfi Jigéen ci Réew mi*", li ko taxoon a jóg doon indi tan gu wér ci nekkinu Jigéen ba mu mën di fexeel ak di lijjanti boppam, wàññil ko taraayi liggéeyam ci kér gi, dolli kaaraangeem ci wér-gi-yaram, gën koo yombalal Njàng mi.

Senegaal gi dalaloon Lëlu Waa-Afrig bi doon waajal waxtaan wa, waroon a am ca Beejiæ, péeyu Siin, ma nga kon ca, digg Waxtaan wa jur ñaareelu Nisaru Jëfi Jigéen ci Réew mi, ca 1997, ba mu sosee Njawriñu Jigéen.

VI.2- Nekkinu jigéeni kaw gi.

Ñeent ñu nekk ci ñàkk gu metti, ñett ña (34) ca kaw ga lañu dëkk. Juróom-ñaar-fukk ci téeméeri jigéen yu nekk (70%) ci ñoom dañuy liggéey, te soo jëlee téemeer ci liggéeyu tool yi, Juróom-ñett-fukk ba ak juróom (85%) ñoo koy def, te mën nañoo wax ni amuñu seen lewu bopp.

Ñi ëpp ci ñoom jànguñu jëme ney-joor walla càmmooñ, muy gàllankoor, soo ko dee xool ci teeru yi, ndax amuñu gayati taax ak talli, doonte sax yu ñàkk solo lañu ngir suqali koom ak nekkin ; amuñu robine, amuñu bérëbi fajukaay yu baax, tali yu baax, kuran, telefoæ, walla ekool.

War nañu itam yombalal leen bor yi te waxtaan ba jox leen i lew, te sàmmoontEEK Sañ-sañi Jigéen ñi ci moomeelug suuf si.

Pakk yu ñi ràññe

1. Gén a néew góor ñi lu ñu mën/mën-mën.
2. Ñàkk a yemle wërsëgu yokkute.
3. Féetewoo ñoom rekk liggéeyu kér geek njabbot gi.
4. Liggeey bu bari lool, ba jégi dayo.
5. Ngëmul aada ak diine ci tëddinu liggéey ci biir njaboot gi.
6. Jafe-jafey boole mégceek wareefi kér ba gàllankoor njàng meek mégce mi
7. Gén a néew sásu jàng ci jigeen ñi.

Pajtal yi ñu nas

1. Dugal mbiri témboo ci bépp xétu polotigu njàng, te jàngal liggéeykat ya
2. Xalaat te dugal ay pàcci njàng yu jëm ci jigéen ci Ekool yeek Kéri njàngum Mécce

3. Bàyyi ñàkk a yamale pey ci diggante góor ak jigéen yu yam liggéey

4. Ci biir sàndikaay jàngalekat yi, tëral ay porogaraami yeete ak njàng muy wéy, ngir dimbali jigéen ñi ñu mën a am palaasi njiit, maanaam ñu doon ay njiit.

VII- Yar ci ponk-réew ak wareefu njuddu-réew

VII.1- Xamanteek "Sarwis siwig nasyonaal":

Le service a été créé par la loi n°98-25 du 07 avril 1998.

VII.2 Jëmu yi

Jëmuy pexe yi :

Warugaru "Sàrwis siwig nasyonaal" mooy yar ak waajal njuddu-réew yi ñu fonk baaxi réew, jàngal leen lan mooy fonk réew ak jox gëddaam say warigar ak dogu defar réew mi.

Ci loolu nag, dangay :

1.Xam kañ, nan ak fan nga war a wonee sa fonkug réew mi te fexe di ci xirtale :

2.Xamal gune yi bu baax lan mooy wolonteeru Sarwis siwig nasyonaal te yombal seenug am liggéey.

Jëmu yu ràññiku yi.

Ginnaaw jëmu yu mag yi, Sarwis siwig nasyonaal am na yeneen yu ràññiku, yu am solo ñoom itam, te ñoo di :

1.def ndimal te jëmale kanam xelum fonk-réew, mu aada ak mu njuddu-réew, ndax ñi ci ekool yeek feneen ;

2.jëmbët ci ndaw ñi ab yar, xelum fonk-réew ak mu jàplante ;

3.Jàngal wolonteer yi xelum fonk-réew ak njub ak waajal leen ci mécce ak dugal

seen loxo ci liggeeey buy jariñ ñépp ;

4. ëpp lu ñu mën a jël ci wolonteer yi ngir suqali réew mi, ci bàndaasi njàng mu suufe mi, xeex ñàkk a jäng, xeex ñàkk, aar kéew gi, taxawu waa-kaw gi, saytu ak aar gàncax gi ;

5. jébbal porose yu mag ñeel réew mi, li ñu soxla ciy nit ngir sottal leen ;

6. yomabalal wolonteer Sàrwis siwig nasyonaal yi matal seen ñaari at yi ñu dige woon, ab liggeeey bu sax bu leen mën a may lu ñu tedde, su ko defee nga bokk ci ñiy xeex ñàkkug liggeeeyu ndaw ñi.

TËNK BI

Bi mu moomee boppam ba tey, Senegaal dafa mas a jéem a taxawal nguur gu xereñ, gu mën a faj soxlay cuqali koom ak nekkin, dal di fa ni ñukk li fi tubaab bi baaxoo woon, di liggeeeylu ci doole ak æacc li fi doon alali kéew gi.

Kon nag, ba baatu Rafetal yorinu nguur xewee ba tey, di wone mooy caytugu sell gug yëngu-yëngu yeek alali réew mi, Senegaal a ngi doxal polotig yu am solo, ngir sàmmoontek li cuqali koom ak leeral liggeeey laaj.

Noonu, ku xool ci porogaraam yeek nisari coppite yi, denga gis ni tey Senegaal jéegi na jéego yu am solo, jém ci Rafetal yorinu nguur, muy ci réew mi, walla ci diwaan yi, walla ci gox yi.

Waaye nag, nañu xam ni, doonte góor-góorlu nañu bu baax, leer na ni des na yeneen jéego yu deme ni jariñoo jeexital ak bunt yi Xeeti Xaralay Xibaar ak Jokkoo yu Bees yi ubbi ngir dugal coppite yu xóot yi ñu war a dugal ci ni ñu daan doxale, ngir sàmmoontek doxal na mu gën a rafete, polotig yi nguur gi tëral, jém ci Rafetal yorinu nguur, fu mu mën a doon ak ku mu mën a doon.